



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SÈVIS OTOBIS GRATIS POU WIKENN JOUNEN
MEMORYAL LA POU CHEMEN PON GOUVÈNÈ MARIO M. CUOMO 25 ME**

***Otobis Hudson Link yo transpòte chak ane plizyè milye pyeton ak siklis sou yon
chemen popilè ki pataje***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a otobis gratis Hudson Link k ap desèvi nan wikenn chemen pon Gouvènè Mario M. Cuomo ki pataje pral rekòmanse bay sèvis samdi 25 me sa, epi l ap kontinye chak wikenn jiska dimanch 27 oktòb. Pyeton ak siklis yo pral kapab itilize sèvis fasil epi pratik sa a ankò pou jwenn aksè ak youn nan chemen ki pataje ki pi long ak pi bèl nan peyi a. Sèvis otobis la pral sòti nan kèk kote nan konte Westchester ak Rockland epi transpòte pasaje yo sou sit aterisaj pis la sou chak bò Rivyè Hudson nan.

"Me se Mwa Nasyonal Sekirite Bisiklèt ak moman pafè pou w monte nan otobis Hudson Link yo pou w ale sou pis ki pataje pon Gouvènè Mario M. Cuomo a, ki se youn nan bèl atraksyon Eta New York ak yon bon fason pou rezidan yo ak touris yo eksplòre bote Hudson Valley," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou fyè pou nou bay sèvis navèt gratis sa a, pou n ede rezidan yo ak vizitè yo jwi travèse inik sa a sou Rivyè Hudson, epi viv yon eksperyans lwazi nan lavi yo."

Otobis navèt yo pral fonksyone chak 20 minit ant èdtan 9:30 a.m. ak 9:30 p.m. nan wikenn ak pèmèt aksè fasil ak aterisaj yo sou tou de bò chemen lwazi a. Lòt dat ki ajoute pou 2024 la gen ladan Jounen Memoryal, Jounen Endepandans ak Jounen Travay. Navèt la desèvi kat arè epi li vwayaje nan direksyon lès ak nan lwès pou sipòte itilizasyon chemen ki pataje a.

Kat arè yo enkli:

- Aterisaj nan chemen Konte Rockland nan South Nyack
- Palisades Center - Lot J
- Aterisaj nan chemen Konte Westchester nan Tarrytown
- Estasyon tren Tarrytown

Si pakin prensipal aterisaj yo sou chak bò yo plen, vizitè yo ka jwenn pakin adisyonèl nan Westchester nan Estasyon Tren Tarrytown lan ak nan Rockland nan Palisades Center - Lot J. Vizitè yo ka pran Liy Metro-North Hudson lan tou pou rive Tarrytown. Pakin sou chemen an gen yon limit kat èdtan epi yo plen byen vit nan wikenn. Nou vrèman ankouraje vizitè yo pou yo konsilte kont Twitter pon an (@GMMCB) pou jwenn mizajou sou sitiyasyon pakin yo ak kondisyon tan yo. Plis enfòmasyon sou chemen an disponib tou sou sit entènèt pon an, mariomcuomobridge.ny.gov.

Rockland Landing sitiye nan [1200 Route 9W](#) nan South Nyack, nan Echanjè 10 New York State Thruway. Chemen an aksesib pou rezidan lokal yo ak siklis yo atravè yon anbranchman ki konekte tou ak Esposito Trail, twotwa lokal yo ak State Bicycle Route 9. Westchester Landing sitiye nan 333 South Broadway nan Tarrytown. Yon chemen lateral pwolonje nan sid sou State Route 9 (South Broadway), ki bay aksè dirèk andeyò lari a nan katye istorik Lyndhurst ak Old Croton Aqueduct Trail, ansanm ak koneksyon ak Empire State Trail.

Tout otobis Hudson Link yo genyen karakteristik ak ekipman ki pèmèt tout pasaje yo monte, epi sòti nan veyikil yo fasil epi alèz. Chak otobis Hudson Link gen yon etajè pou bisiklèt ki ka kenbe twa bisiklèt granmoun epi ki swiv direktiv aksè Lwa sou Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA). Apre yon jounen ranpli ak plezi sou chemen an, otobis navèt la remennen vizitè yo nan machin yo oswa nan estasyon tren an.

Nan apeprè 6 km Pon Gouvènè Mario M. Cuomo se youn nan chemen pataje yo itilize ki pi long nan Etazini. Sitiye sou bò nò pati lwès pon an, siklis ak pyeton yo dekouvri sis pwen de vi touristik-yo chak fèt an patenarya ak kominote a, pano entèpretasyon, ak travay atizay piblik pandan y ap travèse Rivyè Hudson. Manje, twalèt, ak lòt ekipman disponib nan aterisaj la nan konte Westchester ak Rockland.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Chemen pataje yo itilize sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a ofri youn nan eksperyans lwazi ki pi inik nan nasyon an, ak bèl pwen de vi sou Rivyè Hudson nan soti nan yon bout pon an rive nan yon lòt. Depatman Transpò Eta a fyè pou l sipòte sèvis navèt gratis sa a, ki rann li pi fasil pou pyeton ak siklis yo jwenn aksè ak karakteristik ekstraòdinè sa."

Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare, "Navèt gratis wikenn nan pwouve li se yon resous inestimab pou rezidan Hudson Valley yo, ki pèmèt plis moun jwenn aksè nan chemen an san yo pa oblije kondwi ale la. Nou remèsye Depatman Transpò eta a pou patenarya sa a, ki se yon lòt egzanp espri antisipasyon abitan New York yo gen dwa pou yo atann de eta a. Bon gouvènans vle di rann lavi pi fasil pou moun ak kominote nou ap sèvi yo."

Senatè Eta a, William Weber te deklare, "Mwen ankouraje tout moun pou yo pwofite avantaj navèt gratis yo pou ale nan chemen ki pataje a. Sòti epi jwi bote natirèl ki antoure nou an."

Manm Asanble MaryJane Shimsky, te deklare, "Otobis Navèt nan wikenn k ap desèvi Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a pandan sezon pwomnad la se yon ide fantastik, e mwen byen kontan li pral retounen ane sa a. Otobis Navèt la pèmèt moun ki pa ka angaje pou yo pakouri 11.6 km ale retou sou pon an fè yon pwomnad prèske 6 km nan nenpòt direksyon, sa ki pèmèt plis moun jwi peyizaj espektakilè Hudson Valley a epi eksplòre konte vwazen lòt bò larivyè a, pandan y ap toujou fè yon bon pwomnad. Mèsi a Hudson Link, DOT New York la ak Gouvènè Hochul paske yo kontinye yon sèvis ki pral bay youn nan pi bon pwèn ete ak otòn pou plizyè milye abitan New York."

Manm Asanble a Kenneth Zebrowski, te deklare, "Pandan nou rive nan kòmansman ete a, mwen kontan wè sèvis navèt gratis sou pon an ki retounen nan wikenn. Pwogram reyisi sa a reyini kominote nou yo ansanm epi pèmèt abitan New York toude bò pon an gon pi bon aksè ak aktivite lwazi. Mwen rekonesan pou angajman Gouvènè Hochul ak Komisè Dominguez nan pwogram sa a epi mwen espere wè navèt la kòmanse fonksyone ankò."

Manadjè Jeneral Asistan Hudson Link lan, Marjorie Chin, te deklare, "An 2024, Hudson Link kòmanse ak fyète 5yèm ane li nan bay sèvis navèt gratis pou chemen Pon Gouvènè Mario M. Cuomo. Sèvis sa a te pèmèt yo fasilite pwomnad ak monte bisiklèt sou chemen an, menm jan eksplòre bèl vilaj Lower Hudson Valley nan Tarrytown ak Nyack. Pandan ane yo, plizyè milye rezidan ak vizitè te jwi opsyon transpò pratik sa a. Nou prevwa ke 2024 pral ofri anpil opòtinite pou moun yo pase tan ak moun yo renmen ak zanmi yo pandan y ap plonje tèt yo nan bote natirèl deyò a. Sèvis navèt Hudson Link la gen pou objektif amelyore eksperyans sa a pandan l ap bay konfò ak komodite, sa ki pèmèt chak moun pwofite pi bon pati nan tan yo pase nan Lower Hudson Valley. Nou espere kontinye desèvi kominote nou an ak vizitè yo, epi nou pran angajman pou asire yon eksperyans transpò san pwoblèm e agreyab pou tout moun."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)